

ARÈ KADYAK VS. KRIZ KADYAK

Moun souvan konfonn tèm sa yo, men yo pa menm bagay.

KISA YON ARÈ KADYAK YE?

Pandan yon **KRIZ KADYAK** kè a sispann bat toudenkou. Sa jeneralman lakoz pa yon pwoblèm elektrik ki fè kè a vin bat yon fason iregilye.

Lè kè a sispann ponpe san, li pa ka voye san bay sèvo a, nan poumon yo ak lòt ògàn vital yo.

SA KI RIVE

Yon moun ki fè yon kriz kadyak kapab vin enkonsyan. Yo kapab sispann respire oswa kapab pa rive reprann souf yo.

Si yo pa chèche asistans touswit, yo ka mouri.

S AK DWE FÈ



Si yon moun fè yon kriz kadyak, lè yo fè yon CPR touswit sa ka double oswa triple chans yoli pou li siviv.

1. **Premyèman, rele 911** (oswa nimewo entèvansyon ijans lokal la).
2. **Apre sa kòmanse CPR la.** Si genyen yon defibrilatè ekstèn otomatik (AED) tou pre, itilize l osito ou kapab.

Si genyen de moun k ap ede, youn nan yo ta dwe kòmanse CPR a. Lòt la ta dwe rele 911 epi chèche AED a.

Chak minit konte. Chans pou siviv la bese pa 10% chak minit san asistans. Manm pèsònèl ijans lan ka ede re-anime yon moun ke kè l te kanpe.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan klas fòmasyon CPR American Heart Association nan zòn ou an, ale nan [heart.org/NATION](https://www.heart.org/NATION). (sitwèb an Anglè)

Swiv nou: [@American_Heart](https://www.instagram.com/American_Heart)



KISA YON KRIZ KADYAK YE?

Pandan yon **KRIZ KADYAK**, san pa ka rive nan yon pati nan kè a paske yon veso sangen kle vin bloke.

Si pwoblèm sikilasyon an pa rezoud byen vit, pati nan kè a ki p ap resevwa ase san an ka kòmanse mouri.

SA KI RIVE

Sentòm kriz kadyak yo ka rive toudenkou. Yo kapab gen ladan:

- Gwo doulè nan pwatrin
- Malèz nan lòt pati nan pati anwo kò a
- Souf kout
- Lasyè ki frèt
- Santi w malad nan lestomak

Pafwa, sentòm yo kòmanse lantman epi dire pandan plizyè èdtan oswa plizyè jou. Kontrèman ak yon arè kadyak, kè a jeneralman kontinye bat pandan yon arè kadyak.

Plis yon moun pran tan pou jwenn asistans, se plis risk kè a gen pou kanpe.



Nenpòt moun ka fè yon kriz kadyak. **Lakay fanm yo, moun ki fè dyabèt ak adilt ki pi gran yo, sentòm yo kapab pa evidan.** Pa egzanp, yo kapab pa gen ladan doulè nan pwatrin.


S AK DWE FÈ



Menmsi ou pa sèten se yon kriz kadyak, rele nimewo ijans lokal ou an. Chak minit konte!

Li ta pi bon pou rele nimewo ijans lokal ou an pou ale nan sal ijans lan touswit.

Anplwaye sèvis medikal ijans lan (EMS) ka kòmanse tretman lè yo rive. Pasyon ki gen doulè nan pwatrin ki rive pa mwayen anbilans yo jeneralman resevwa tretman pi rapid nan lopital la tou.



KI LYEN KI GENYEN?

Pifò kriz kadyak pa debouche sou arè kadyak. Men yon kriz kadyak se yon koz kouran lè arè kadyak la rive.

Lòt pwoblèm yo ka lakòz kè a sispann bat tou.